



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE 38 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOTEJE TÈREN AGRIKÒL NEW YORK LA YO

Eta a Dedye Nivo Finansman ki pi Elve yo te Janm Akòde pou Akselere Pwoteksyon Tèren Agrikòl Presye ak Sa ki Arisk yo

Kounye a Enkli Dwa Dacha Preferansyèl yo Kòm yon Depans Elijib

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prèske 38 milyon dola ki disponib kounye a atravè Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la yo (Farmland Protection Implementation Grant) pou ede agrikiltè toupatou atravè New York la yo pou yo pwoteje tèren agrikòl presye ak sa ki arisk yo. Depi lè Gouvènè Cuomo te pran pouvwa a, eta a te redinamize pwogram lan epi nou te pran angajman investisman istorik, ki gen ladan double finansman nan dènye faz sa a an konparezon ak ane pase a - sa k ap rann li vin pi gran sòm yo te janm ofri atravè pwogram lan.

“Lè nou investi nan dirabilite ak kwasans tèren agrikòl New York la yo, nou ap pwoteje yon motè ekonomik enpòtan pou kominote nou yo toupatou atravè eta a pandan l ap ofri opòtinite pou endistri agrikòl nou an devlope”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Angajman 38 milyon dola san presedan sa a nou pran anvè prezèvasyon tèren yo pral asire ke yo itilize tèren agrikòl vas New York la yo pou rezon agrikòl epi pou yo rete pwoteje pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Minisipalite, konte, Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo (Soil and Water Conservation Districts), ak fidisi fonsyè yo ka aplike pou sibvansyon endividyèl yo pou jiska 2 milyon dola pou ede yo konpanse pou depans yo te fè pou pwojè atenyasyon konsèvasyon k ap pwoteje tèren agrikòl vyab yo pou yo pa transfòme yo vin tounen tèren non-agrikòl. Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwonmantal (Environmental Protection Fund) Eta New York la, ke yo te enkli nan Bidjè Eta a 300 milyon dola pou yon twazyèm ane konsekitif. Delè pou soumèt aplikasyon yo se 31 Out 2018, epi Demann pou Pwopozisyon yo (Request for Proposals) disponib sou www.agriculture.ny.gov/RFPS.html.

“Pwoteje tèren agrikòl nou yo se yon eleman vital pou asire ke kwasans endistri agrikòl New York la kontinye”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Agrikiltè nou yo ofri pwodwi ki gen remonen mondyal pou konsomatè nan kominote New York la yo

ak pi lwen toujou. Nou pran angajman pou nou pwoteje ak sipòte sektè agrikilti a avèk investisman enpòtan n ap fè pou agrandi opòtinite epi pèmèt endistri a kontinye fleri.”

Depi lè Gouvènè a pran pouvwa an 2011 lan, eta a te investi plis pase 62 milyon dola nan 82 pwojè pwoteksyon pou tèren agrikòl la yo toupatou atravè eta a. Opòtinite finansman sa a kontinye angajman eta a pran pou l ofri asistans finansyè ak teknik pou pwoteksyon tèren agrikòl yo sou yon sik dezan previzib. Mezi rasyonalizasyon Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la te pran avan yo te lakoz rediksyon konsiderab nan kantite tan yo bezwen pou yo konplete pwojè yo.

Ane sa a, pou yo eksplòre zouti adisyonèl yo ka itilize nan kad prezèvasyon tèren pou pwodiksyon agrikòl yo, eta a te enkli dwa dacha preferansyèl yo kòm yon depans elijib yo gendwa garanti pasyèlman atravè pwogram sibvansyon an. Se premye fwa yo gendwa itilize asistans finansyè eta a anvè depans pwojè elijib sa a.

Depatman an te tabli kèk kritè pou gide nan kad itilizasyon dispozisyon atenyasyon inik sa a nan pwojè yo te akòde yo. Dwa dacha preferansyèl yo ankouraje tèren agrikòl yo rete an pwodiksyon aktiv epi pou yo vann yo bay lòt agrikiltè nan pri ki vo valè agrikòl tèren yo. Aplikan yo dwe satisfè kèk egzijans pou yo ka itilize finansman sibvansyon an pou dwa dacha sa yo, sa pral ofri tou yon mwayen posib pou nouvo ak agrikiltè ki fenk ap kòmanse yo achte tèren.

Komisè Agrikilti Eta New York la (New York State Agriculture), Richard A. Ball, te di, “Depatman an te fè anpil pwogrè nan amelyorasyon kolaborasyon reyonalyon yo nan kad pwogram prezèvasyon tèren agrikòl li yo epi asire nou vanse pwogram pou Pwoteksyon Tèren Agrikòl la yo vè lavan. Nou kontan pou nou mete prèske doub kantite finansman disponib ane sa a pase sa nou te mete disponib nan ane ki te pase yo epi nou pran angajman pou nou prezève baz tèren nou yo, sa k ap non sèlman kenbe tèren agrikòl eta a yo pou agrikiltè alavni New York la yo men tou pou ede pwoteje anvwionnman nou an”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Si nou vle ankouraje kwasans endistri lidè New York la kontinye, nou bezwen asire ke gen tèren ki disponib pou agrikiltè k ap travay di nou yo ak pou sila ki ap chache vin enplike yo nan zafè kilti yo—espesyalman jèn yo. Mwen kontan anpil paske nou ap defann finansman enpòtan sa a epi nou konnen ki pral ede konsève tèren agrikòl ki ekstrèman enpòtan sa yo ki se kle pou endistri agrikòl jodi a ak demen”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te deklare, “Tèren agrikòl Eta New York la yo enpòtan anpil pou byennèt ekonomi lokal yo ak pou kominote riral nou yo, epi se responsabilite nou pou nou ede mentni kapasite pou yo ofri ak kontribiye sèvis, machandiz ak pwodwi nou bezwen yo. Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la ede nou mentni tèren agrikòl vyab yo, pou nou ka kontinye ak kenbe fèm lokal nou yo solid ak pwodiktiv isit la nan kominote nou yo”.

Direktè American Farmland Trust Eta New York la, David Haight te di, “Pwoteksyon tèren agrikòl ki pi pwodiktiv ak pi rezistan nou yo enpòtan pou nou

asire ke yo ka kiltive pwodwi alimantè nan New York pou anpil jenerasyon k ap vini ankò, ak pou konbat chanjman klimatik yo. Fon eta sa a yo te pwouve ke yo se yon estratji kle pou ede fanmi agrikiltè nou yo transfere fèm yo a yon nouvell jenerasyon agrikiltè. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a paske yo ap pran yon angajman finansman enpòtan konsa a pou ede agrikiltè yo pwoteje tèren agrikòl yo nan fason pèmanan, epi asire pwojè yo finanse yo fini byen rapid”.

Dave Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare, “Sibvansyon pou Pwoteksyon Tèren Agrikòl la yo ap finanse travay pou fè agrikiltè yo kontinye kiltive yo. Presyon devlopman se youn nan pwoblèm sektè agrikilti New York la ap konfwonte yo, epi dènye faz finansman sa a se yon zouti enpòtan pou ede agrikiltè yo prezève tèren agrikòl yo pou pwochèn jenerasyon an ak reyenvesti nan biznis fanmi yo”.

16èm Faz Pwogram pou Pwoteksyon Tèren Agrikòl la ajoute sou efò prezèvasyon tèren Eta New York la ap kontinye fè a yo. Nan kòmansman ane sa a, Depatman an te anonse 5.5 milyon dola ki disponib atravè de nouvo opòtinite sibvansyon, premye a yo te anonse l nan diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a, pou ede kenbe tèren agrikòl yo nan pwodiksyon agrikòl yo. Finansman an pral ede peye pou depans ki asosye ak obstansyon ak jesyon Pwojè Opsyon Akò a (Option Agreement Project). Li pral ede agrikiltè yo idantifye tèren ki disponib atravè devlopman envantè pou tèren lokal yo tou, enfòmè pwopriyetè tèren yo sou pwogram ak opòtinite ki disponib pou yo pwoteje pwopriyete yo kont transfòmasyon a itilizasyon non-agrikòl yo, ak agrandi efò sensibilizasyon pou pi byen konekte pwopriyetè tèren ki vle yo ak agrikiltè ki entèrese yo nan pwosesis lwaye oswa acha pwopriyete yo pou pwodiksyon agrikòl.

Yo dwe soumèt tout pwopozisyon pwojè pwoteksyon tèren agrikòl yo sou entènèt atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la (New York State Grants Gateway). Pou plis enfòmasyon konsènan Pòtay Sibvansyon an, tanpri vizite <https://grantsgateway.ny.gov>.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)